



Delivering Excellence Every Day

Konte Miami-Dade Pwogram Asistans Evakyasyon Ka Dijans

Enstriksyon ak Enfòmasyon Aplikasyon

Pwogram Asistans Evakyasyon pou Ka Dijans (E&EAP) la te kreye pou moun ki gen bezwen espesyal k ap viv nan kay ki bezwen asistans pou evakye. Anplis de sa, yo ka itilize pwogram lan apre yon katastwòf pou ofri lòt asistans. Aplikasyon ki elijib yo se de moun ki gen yon pwoblèm medikal ki fè ke yo bezwen lojmanabri espesyalize ki pa disponib nan yon sant evakyasyon siklòn. Moun k ap viv nan sant ki bay asistans medikal (ALF) yo oswa mezon retrèt yo pa kalifye pou pwogram sa a paske, biznis sa yo fèt pou gen pwòp plan dijans yo pou kliyan yo.

Pa bliye tout moun ki rete Miami-Dade dwe prepare plan pa yo pou yo deside pou kont yo evakye fanmi yo ak bèt kay yo genyen. Sa enpòtan pou tout moun sonje se yo ki responsab pwoteje tèt yo epi prepare yon plan ki montre kote nou fè lide ale, ki moun pou nou kontakte, sa pou n pote, epi ki jan pou n al kote nou fè lide ale a. Se moun ki gen youn nan kalifikasyon sa yo sèlman k ap kapab jwenn èd nan men reprezantan Konnti a:

- Moun ki bezwen transpò espesyal oubyen ki pa gen mwayen transpò ditou.
- Moun sante yo anpeche yo evakye kote yo ye a poukont yo san moun pa ede yo.

Pa bliye kou yo fin gade aplikasyon w lan, yon reprezantan Biwo kontwòl Ijans nan Miami-Dade (MDEM) va kontakte wou si yo ta bezwen plis detay nan men ou.

Nou ka itilize rejis E&EAP a pou nenpòt ka dijans ki mande evakyasyon, tankou inondasyon, siklòn oswa debòdman pwodwi danjre, tankou fwit gaz. Resous yo limite, kidonk moun ki enskri yo ap gen priyorite lè gen yon ijans. **Pa tann se lè yo bay lòd evakyasyon pou w mande ajoute non w nan Rejis la.**

Sant Evakyasyon yo ap disponib sèlman kòm yon dènye rekou pou moun ki pa gen okenn lòt kote pou yo ale. Si w bezwen evakye, ou ta dwe premye chèche refij avèk fanmi w, zanmi w oswa òganizasyon kominotè yo. Sant Evakyasyon yo pa ofri menm nivo swen oswa ekipman ak sa ki disponib nan etablisman swen medikal yo. Sant la gen disponib sèlman swen medikal ak asistans de baz. Gen kabann ak kad ki ranfòse pou moun ak bezwen espesyal, men kantite yo limite. Moun ki bezwen yon nivo swen medikal ki pi wo, tankou oksijèn kontinyèl, ekipman medikal elektrik pou soutni lavi yo epi yo gen yon kondisyon medikal ki avanse, yap mete moun sa yo lopital ki patisipe nan pwogram lan. **Akòz yon kantite limite nan anplawye yo, nou rekòmande ke yon moun kap bay swen akonpaye w epi yo rete ak w pandan sejour w nan sant evakyasyon an asire w bezwen yo te rankontre nan yon fason apwopriye.**

Si wap swiv yon rejim alimantè espesyal, yo rekòmande ke w pote pwòp manje w pou asire ke w viv nan bon konfò pandan peryòd evakyasyon lwen lakay w an. Tanpri sonje pote yon twous pou dezaz ki gen ladan: kouvèti kabann, medikaman ak pwovizyon bezwen espesyal (manje, dlo, ak ekipman medikal). Tanpri asire w ke w manje yon repa konplè anvan w kite lakay w. Tout sant evakyasyon Konte Miami-Dade yo asepte zannimo sèvis yo. Si w gen yon zannimo sèvis, pa bliye pote pwovizyon pou li tou nan twous pou dezaz w an.

Tout seksyon yo nan aplikasyon sa a fèt pou ranpli konplètman. Si w merite èd medikal ki nan yon degre ki pi wo, medsen Swen Primè (PCP) w la fèt pou ranpli epi siyen aplikasyon an anvan w soumèt li bay biwo nou an. Si gen pliske yon moun nan kay la ki bezwen asistans pandan evakyasyon, yo chak fèt pou ranpli yon aplikasyon apa. Yap poste enstriksyon espesyal voye ba w yon fwa ke nou fini regle aplikasyon w la.

Nap kontakte w chak ane pou re-sètifye pou pwogram sa a. Ou **pa** bezwen ranpli yon aplikasyon chak ane. Si w gen kesyon oubyen si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri rele Liy Dirèk Bezwen Espesyal la nan (305) 513-7700. Tanpri kenbe yon kopi aplikasyon w ranpli a nan dosye w epi poste **original** la bay:

**Miami-Dade Emergency Management
Emergency and Evacuation Assistance Program
9300 NW 41 Street, Miami, FL 33178**

**Aplikasyon sa a disponib an Angle, Espanyòl, ak Kreyòl Ayisyen.
Pou fè demann materyèl sa a nan fòm altènatif tankou, Bray, Enprime an Gwo
Lèt oswa Elektwonikman, tanpri rele (305) 468-5900.**

Si w bezwen konsèy sou reparasyon dezaz, kontakte Sant Enfòmasyon an nan 3-1-1 oswa rele (305) 468-5900 (itilizatè TTY/TDD yo rele (305) 468-5402). Epitou, ou ka ale sou sitwèb nou an pou plis enfòmasyon: www.miamidade.gov/oem

Aplikasyon pou Pwogram Asistans Evakyasyon Dijans

TANPRI EKRI BYEN KLÉ

Tanpri li enstriksyon ak enfòmasyon yo anvan w ranpli fòm sa a. Fòm sa a fèt pou ranpli okonplè si non yap voye li retounen ba w.

Ki kalite asistans ou bezwen?

Asistans pou Evakye (ou ka bezwen siyati medsen toudepan bezwen medikal ou.)

Egzamen Prevantif (pou yon moun kontakte w apre yon katastwòf)

Dat Aplikasyon an: ____/____/____ **Èske w se yon veteran Fòs Lame Ameriken?** Wi Non

Siyati: _____ **Prenom:** _____ **Inisal Dezyé Non:** ____ **Séks:** ___G ___F

Dat Nesans: ____/____/____ **Lang Manman ou:** _____

Kalite Rezidans: Kay/Diplèks Apt/Kondo (*Ki etaj?* ____) Kay Mobil Home/Trelè

Adrès: _____ **Apt #:** _____ **katye kote #:** _____

Non katye kote w rete a: _____

Vil: _____ **Zipkòd:** _____

Adrès Postal (si diferan de sa ki an wo an): _____

Telefòn Domisil: (____) _____ (*Liy TTY/TDD* Yes) **Telefòn Altènatif:** (____) _____

Ak ki moun w abite: Poukont ou Ak fanmi Ak yon moun k ap okipe w Ak lòt moun _____

Èske w gen yon moun kap akonpaye w al nan sant evakyasyon? Yes No

Non moun w ap viv avè l la: _____ Telefòn: _____

Kontak Dijans: Lokal: _____ Relasyon: _____ Telefòn: _____

Ki pa-Lokal: _____ Relasyon: _____ Telefòn: _____

TRANSPÖTASYON kondisyon

Èske w bezwen yo ba w transpò pou w al nan yonabri? Wi Non

Si w reponn wi, tanpri di pou ki sa?: _____ **Konbyen moun ki bezwen èd pou yo evakye?** _____

Mwen pa gen machin.

Mwen pa gen okenn moun pou ban m woulib.

Mwen pa kab mache al kote y ap vin pran moun yo.

Eta sante m anpeche m evakye pou kont mwen.

Ki kalite asistans w bezwen de fason kotidyen? (Tchecke tout sa ki aplikab)

Swen pèsònèl (*abiye / twalèt*)

Mobilite (mache/transfere)

Manje

Konsèy: (avèg pa wè byen)

Pran medikaman

Kominike: (soud bèbè)

Pasaj aspirasyon

Swen medikal espesyalize:

Swaye blesi

(tanzantan kontinyèlman)

Si wi, ki kalite blesi: _____

Swen Mantal:

(tanzantan kontinyèlman)

Lòt (*tanpri eksplike*): _____

Mwen Itilize: Chez woulant (Mwen ka transfere tèt mwen): Wi Non Wòkè Kàn Beki

Lòt Ekipman Medikal Dirab (*espesifye*): _____ Chyen gid/Zannimo sèvis

Èske w bezwen oksijèn? tanzantan kontinyèlman

Founisè Oksijèn: _____ *Telefòn:* _____

Èske w itilize ekipman medikal ki bezwen kouran pou fonksyone? Wi Non (tanzantan kontinyèlman)

Espefifye ki ekipman ki bezwen kouran: _____

Èske w resevwa swen ospis oswa swen medikal lakay w? Wi Non *Si wi, konbyen èdtan pa jou?* _____

Ajans: _____ *Telfòn:* _____

Mwen pa ka kite kabann: Wi Non

Mwen peze pliske 300 liv: Wi Non

Mwen soufri malady swivan yo: (Tcheke tout sa ki aplikab)

- | | | |
|---|---|--|
| <input type="checkbox"/> Maladi Alzaymè
<input type="checkbox"/> koumansman <input type="checkbox"/> modere
<input type="checkbox"/> avanse | <input type="checkbox"/> Kè
<input type="checkbox"/> estab <input type="checkbox"/> enstab | <input type="checkbox"/> Aksidan Vaskilè Serebral |
| <input type="checkbox"/> Demans | <input type="checkbox"/> Dyaliz | <input type="checkbox"/> Fibwoz Sistik |
| <input type="checkbox"/> Paralezi Serebral | <input type="checkbox"/> Ranplasman jenou
<input type="checkbox"/> mwenske sis mwa
<input type="checkbox"/> pliske sis mwa | <input type="checkbox"/> Dyabèt
<input type="checkbox"/> Ensilin depandan
<input type="checkbox"/> Non-ensilin depandan |
| <input type="checkbox"/> Psikoz
<input type="checkbox"/> kontwole <input type="checkbox"/> san kontwol | <input type="checkbox"/> Ranplasman hanch
<input type="checkbox"/> mwenske sis mwa
<input type="checkbox"/> pliske sis mwa | <input type="checkbox"/> Kriz
<input type="checkbox"/> kontwole <input type="checkbox"/> san kontwol |
| <input type="checkbox"/> Maladi Parkinson
<input type="checkbox"/> koumansman <input type="checkbox"/> modere
<input type="checkbox"/> avanse | | |
| <input type="checkbox"/> Maladi newo-miskilè
<input type="checkbox"/> koumansman <input type="checkbox"/> modere
<input type="checkbox"/> avanse | | |
| <input type="checkbox"/> Maladi Poumon Kwonik (COPD)
(Bwonchit Kwonik/Anfizèm) | <input type="checkbox"/> oksijèn tanzantan <input type="checkbox"/> oksijèn kontinyèlman | |

Lòt: _____

POU MOUN KI EVAKYE BEZWEN ENHANCED SWEN MEDIKAL, SEKSYON SA A DWE RANPLI PA DOKTÈ PRENSIPAL PASYAN AN OSWA ENFIMYÈ KAY KI BAY SWEN SANTE.

TANPRI EKRI BYEN KLÈ

Non Doktè/Enfimyè: _____ Telefòn: (____) _____

Dyagnostik Primè: _____

Dyagnostik Segondè: _____

An tout konesans mwen ak kwayans mwen, enfòmasyon ke mwen bay sou fòm sa a kòrèk epi yo konplè.

Siyen la: _____ Dat: _____

Nimewo Lisans: _____

Siyati Aplikan ak Dekrè Lwa sou Pòtabilite ak Responsabilite Asirans Medikal (HIPAA)

Mwen sètifye ke enfòmasyon sa yo kòrèk. Mwen konprann ke baze sou aplikasyon sa a ak done enfòmasyon ke mwen bay yo, Miami-Dade pou Administrasyon Ijans (MDEM) ap detèmine ki asistans evakyasyon, si genyen, pwogram sa a ka ofri. **Mwen konprann ke mwen pa gen okenn depans ki asosye a sèvis sant evakyasyon dezans Konte a oswa sèvis transpò dezans yo. Sepandan, si kondisyon medikal mwen ta deteryore epi si yo ta etène mwen lopital pandan ke yap evakye mwen oswa pandan mwen nan yon sant evakyasyon, lè sa a, map responsab depans lopital yo.** Mwen bay pèmasyon a founisè medikal yo, ajans transpòtasyon ak dè lòt endividi kap ba mwen swen medikal pou divulge nenpòt enfòmasyon ki nesèsè pou reponn a bezwen mwen.

Règleman Konfidansyalite HIPAA: Jan ki define nan Lwa Pòtabilite ak Responsabilite Asirans Medikal (HIPAA) Règleman Konfidansyalite 1996, lè mwen siyen Otorizasyon sa a, mwen isiba pèmèt itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon medikal mwen pa MDEM, pou yo kapab ba mwen asistans pandan evakyasyon dijans. Mwen konprann ke enfòmasyon ki itilize oswa revele konfòmman ak Otorizasyon sa a, ka sijè ak divilgasyon pa benefisyè a pou koze evakyasyon,abri, transpòtasyon ak nenpòt swen medikal dapre sèvis sa yo. Mwen konprann ke mwen gen dwa revoke Otorizasyon sa a nenpòt kilè sof nan limit ke MDEM te deja aji sou Otorizasyon an. Pou revoke Otorizasyon sa a, mwen konprann ke mwen fèt pou mwen fè yon demann alekri bay Miami-Dade Emergency Management, 9300 NW 41 St, Miami, FL 33178, Attention: *Vulnerable Populations Coordinator*.

Mwen konprann ke si mwen chwazi revoke Otorizasyon sa a, mwen pap fè pati Rejis Bezwen Espesyal al ankò epi yo pap evakye mwen.

Siyati Aplikan: _____ Dat: _____

Non moun ki ranpli aplikasyon sa a (si se pa prensipal doktè pasyan an oswa enfimyè kay ki bay swen sante):

NON _____ Telefòn: (____) _____



Delivering Excellence Every Day

**Miami-Dade Emergency Management
Emergency and Evacuation Assistance Program
9300 NW 41 Street
Miami, FL 33178-2414**